

### **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

Dina bab ieu dipedar métode, téhnik, populasi, sample, sarta léngkah-léngkah garapan panalungtikan.

#### **3.1. Métode jeung Tehnik Panalungtikan**

##### **3.1.1. Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan kacida nangtukeunna dina ngumpulkeun data. Métode panalungtikan bakal méré pituduh dina ngalaksanakeun panalungtikan atawa bakal méré pituduh kumaha panalungtikan dilaksanakeun. Kumaha prosedurna, data nu kumaha baé nu kudu dikumpulkeun, alat naon baé jeung nu kumaha nu kudu dikumpulkeun, alat naon baé jeung nu kumaha nu kudu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, sakumaha lobana data nu diperlukeun, nyusun papasingna, jeung kumaha éta data téh dipadungdengkeun.

Dina ieu panalungtikan téh digunakeun métode déskriptif, nya éta métode anu bisa ngungkuluan masalah ku jalan ngumpulkeun data, nyieun papasingan, jeung nafsirkeun data (Surakhmad, 1982:143).

Hal-hal anu didéskripsikeunana nya éta sakabeh kecap atawa gundukan kecap nu ngandung harti injeman dina novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

### **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi atawa analisis téks. Hal ieu dilantarankeun data panalungtikan téh mangrupa data tinulis, nya éta novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

Hal di luhur dumasar kana pamadegan Arikunto (1983:132) nu nételakeun yén téhnik dokuméntasi nya éta téhnik panalungtikan anu datana tinulis, upamana catetan, transkrip, jeung buku.

## **3.2. Populasi jeung Sampel**

### **3.2.1. Populasi**

Populasi nya éta sakabeh objék anu rék ditalungtik dina hiji kagiatan panalungtikan (Suyatna, 2002:10).

Biasana Populasi mangrupa sakumpulan atawa kelompok nu leuwih gédé nu mangrupa sasaran dasar atawa sasaran utama. Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabeh kecap atawa unggara anu ngandung harti injeman dina novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

Jumlah harti injeman téh aya 263 ti mimiti halaman 11 nepi ka 185 kaca. Ukuran ieu novel nya éta 12 cm X 14, 5 cm. Kandelna aya 185 kaca. Huruf nu digunakeun dina ieu novel nya éta Times New Roman.

Pangarang novel *Kembang-Kembang Petingan* nya éta Holisoh M.É. Holisoh M.É. lahir di cileunyi, 25 Desember 1952. Holisoh kaasup Pangarang carita pondok nu produktif. Carita pondok jeung carita pangarangna geus

ratusan anu dimuat dina majalah Galura, Gondéwa, Hanjuang, Manglé, Suara Daerah, jste. Kanominasikeun pikeun meunang hadiah “Rancagé” 1999. *Kembang-Kembang Petingan* kungsi dimuat dina Manglé sarta meunang hadiah sastra LBSS 2001. Sedengkeun tulisan dina basa Indonesia dimuat dina surat kabar PR, Mandala, Majalah Pelajar, Widya Bhakti, jste. Novel *Kembang-Kembang Petingan* diterbitkeun di Bandung ku PT Kiblat Buku Utama taun 2002.

Novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. nyaritakeun kahirupan tokoh Tita (Enok) nu jadi sampah masarakat alatan salakina kawin deui jeung awéwé bangor. Ngalakonan hirup teu luyu jeung haté nu sabenerna alatan butuh pikeun ngabiayaan hirup kulawargana di kampung. Panggih jeung lalaki nu deuk nyaitna tina dunya palacuran nu antukna jadi salakina. Tapi sanajan geus jadi awéwé bener, rupa-rupa pasualan teu daék ingkah tina kahirupan Tita (Enok). Dina ahir carita, manéhna ogé dicarékan ku pamajikan Handi nu kahiji sabab geus ngarebut salakina.

Jumlah episodeu dina Novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. aya 18 episodeu.

### **3.2.2. Sampel**

Sampel téh bagian tina populasi. Dina ieu panalungtikan digunakeun sample total lantaran sakabeh kecap atawa unggara nu ngandung harti injeman bakal dianalisis.

### 3.3. Alat Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data digunakeun sistem kartu data. Dina kartu data dipidangkeun data kalimah, sumber data (kaca, paragrap, jeung baris). conto :

K161/P2/B6

Ungkara	: Teu kitu nyaritakeun kalucuan anakna nu keur meujeuhna <i>kembang buruan.</i>
Warna	: Harti Injeuman Stilistik
Eusi	: Frasa kembang buruan dina ungkara di luhur mibanda harti budak anu keur sumedeng lucu, sarta geus resep ulin di buruan, nuduhkeun budak nu keur resep ulin teterelengan ka ditu ka dieu, katempona manggih pikalucueun. Harti kembang nu sabenerna ngandung harti bagian tatangkalan anu biasana sok jadi buah, alus rupana jeung seungit. Buruan nya éta halaman imah, biasana sok dipelakan rupa-rupa kembang atawa tatangkalan.

Keterangan : K = Kaca  
 P = Paragrap  
 B = Baris ka

### **3.4. Téknik Ngolah Data**

Data dina ieu panalungtikan nya éta harti injeuman nu kapanggih dina novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E. Sabada data kumpul, tuluy dianalisis jeung léngkah-léngkahna kieu:

- a. Niténan deui leuwih teleb kana data nu geus dikumpulkeun.
- b. Ngolah data nu geus dikumpulkeun.
- c. Nyusun papasingan harti injeuman dumasar kana wangun, wanda, jeung maksudna, sarta
- d. Nganalisis wangun, wanda, jeung maksudna.

